



# MUSOMOBIL

**GID POU ITILIZE MUSOMOBIL**

## **MODIL 4 – Lòt antre nan kès yo ak Transfè yo**

Apa kotizasyon ki ka fè lajan antre nan kès yo, genyen lòt lajan ki konn antre nan kès yo tou, se pou tèt sa musomobil bay posibilité pou gen lòt antre ki ka fèt nan kès vèt la.

Genyen tou posibilité pou kès transfere lajan antre yo nan mityèl la. Sa vle di Kès vèt ka fè transfè pou kès wouj ak kès ble, kès ble ka fè transfè pou kès vèt ak kès ble, kès ble ka fè transfè pou kès vèt ak kès wouj. Se sa yo nou pral wè koman nou ka fè yo sou musomobil nan modil sa.

### **1- Lòt antre**

Jan nou sot di a gen posibilité pou antre lòt lajan ki pa kotizasyon nan kès vèt la. Pou w fè sa, w ap klik sou meni **kès vèt** la, epi klik sou sou-meni **Lòt antre**, w ap tombe sou paj sa :

The screenshot shows the Musomobil web application's interface for managing entries. On the left, a sidebar lists various categories such as 'KÈS VÈT', 'KÈS WOUJ', 'KÈS BLE', 'PRÈ', and 'RAPÒ'. The main content area is titled 'Autres entrées' and contains a form with several input fields: 'Deskripsiyon' (Description), 'Dat' (Date, with a date picker), 'Montan' (Amount), 'Ribrik / Tit' (Note), and 'Contributeur' (Contributor). There is also a file upload section labeled 'Ajoute dokuman yo' (Add document) with a 'Sélect. fichiers' (Select files) button and a message 'Aucun fichier choisi' (No file selected). A red 'Anregistre' (Register) button is at the bottom right of the form.

W ap rampli fòmilè a, w ap mete tout enfòsyon konsènan rantre a, li ka yon penalite oubyen nenpòt lòt kòb kelkonk ki pa kotizasyon. W ap mete deskripsiyon *dat antre* a *ribrik*, ak **kontribitè** a, sa vle di ki kote lajan sa soti pou l antre nan kès la, si ou genyen ou ka atache yon piyès jwent ak

antre a, ki ka yon foto chèk, yon resi, epi w ap klie sou bouton **anregistre** a.

Nan pati **antre yo**, ou ka wè tout antre ki fèt nan mityèl la. Epi gen yo pati **rapò** kote ou ka chwazi fè rapò sou **lòt antre** yo, de yon dat ak yon lòt dat.

## 2- Transfè antre kès yo

Nou te pale nan kòmansman modil sa sou transfè ki ka fèt ant diferan kès yo. Men kòman nou ka fè transfè lajan de yon kès a yon lòt kès.

Pou w fè yon transfè de kès vèt a 2 lòt kès yo, ou jis klike sou meni **Kès vèt** la epi klike sou **transfè**. W ap tonbe sou yon paj konsa.

	Dat	Tit	Montan	Caisses Receveuse	
1	03-10-2022	Test transfert 1000	1000 US	Caisse-rouge	
2	02-10-2022	Transfert à Caisse	2000 US	Caisse-rouge	
3	22-09-2022	Transfert à Caisse verte	3000 US	Caisse-bleue	

Nan paj sa ou ka wè transfè a gen plizyè pati, **transfè soti**, ki liste tout transfè ki fèt de kès vèt la ak lòt kès yo (Wouj ak Ble). Nan pati **Antre**, se lis tout tranfè ki sot nan 2 lòt kès yo pou antre nan kès vèt la.

	Dat	Tit	Montan	Caisse Donneuse	Lòt Detay
1	13-05-2023	Transfert a CV	500 US	Caisse-rouge	
2	06-10-2022	Tranfè KR/KV	500 US	Caisse-rouge	
3	03-10-2022	Remflouement 1000	1000 US	Caisse-rouge	
4	04-10-2022	Transfert test passage dans rapport	1000 US	Caisse-rouge	
5	05-10-2022	Transfert a Caisse verte	600 US	Caisse-rouge	
6	05-10-2022	Transfert à Caisse verte	2000 US	Caisse-rouge	
7	24-09-2022	Transfert a caisse verte	3000 US	Caisse-blue	

Pati **Transfè** a se lè w ap fè yon *nouvo transfè* de kès vèt la a lòt 2 kès yo.

Transfè Kès vèt

Transfè Soti	Antre	Transfè	Rapport Sortant	Rapport Entrant
Dat	jj/mm/aaaa			
Tit	titre			
Montan	montant			
Kès	Chwazi Kès			
Lòt Detay				

Lès sa w ap mete tout enfòmasyon sou transfè a epi ou klike sou bouton **Anrejistre** a epi transfè ou a anrejistre. Fòk nou di ke menm jan ak tout lòt tranzaksyon nou fè sou musomobil yo, chak fwa nou fè yon transfè de yon kès a yon lòt kès. Li gen repèkisyon otomatik sou kès yo, youn ogmante lòt la diminye.

## Gen 2 lòt pati ki se pati rapò yo

Youn se rapò transfè sòtan yo ki swiv menm prensip dat komansman dat fen an pou fè yon rapò sou tranfè sòtan yo.

The screenshot shows a software interface for managing transfers. On the left is a sidebar with icons for 'MUSO' (checkbox), 'MANM' (person), 'KÈS VÈT' (checkbox), 'KÈS WOUJ' (checkbox), 'KÈS BLE' (checkbox), 'PRÈ' (checkbox), and 'RAPÒ' (checkbox). The main area is titled 'Transfè Kès vèt'. At the top, there are tabs: 'Transfè Sòti', 'Antre', 'Transfè', 'Rapport Sortant' (which is highlighted in blue), and 'Rapport Entrant'. Below the tabs, it says 'Rapport Transfer Sortant' and 'Caisse verte'. There are two date input fields: 'De:' and 'A:', both set to 'jj/mm/aaaa'. A 'Rechercher' button is to the right of the date fields. At the bottom, there is a table header with columns: 'Dat', 'Tit', 'Montan', 'Kès Receveuse', and 'Lòt Detay'.

Lòt la se transfè antran yo ki swiv menm prensip dat komansaman dat fen yo pou fè rapò sou transfè antran yo.

This screenshot shows the same software interface as the previous one, but with the 'Rapport Entrant' tab selected at the top. The main area is titled 'Transfè Kès vèt'. The tabs now include 'Transfè Sòti', 'Antre', 'Transfè', 'Rapport Sortant', and 'Rapport Entrant' (highlighted in blue). It displays 'Rapport Transfer Entrant' and 'Caisse verte'. The date input fields 'De:' and 'A:' are still present, along with the 'Rechercher' button. The bottom table header has been updated to 'Caisse Donneuse' instead of 'Kès Receveuse'.

Nou eksplike kòman transfè kès vèt la fèt. Men transfè 2 lòt kès yo swiv menm prensip la, sof ke pou transfè kès wouj w ap klike sou meni **kès wouj** epi sou **transfè**.

	Dat	Tit	Montan	Transfè	
1	13-05-2023	Transfert a CV	5000 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>
2	06-10-2022	Tranfè KR/KV	500 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>
3	03-10-2022	Remflouement 1000	1000 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>
4	04-10-2022	Transfert test passage dans rapport	1000 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>
5	05-10-2022	Transfert a Caisse verte	600 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>
6	05-10-2022	Transfert à Caisse verte	2000 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>

Epi pou transfè kès ble wap klike sou **Kès ble** epi sou **transfè**

	Dat	Tit	Montan	Transfè	-
1	04-10-2022	Transfert a Caisse rouge	3000 US	Caisse-rouge	<button>Wè</button>
2	24-09-2022	Transfert a caisse verte	3000 US	Caisse-verte	<button>Wè</button>

Se toujou menm pati yo, **Transfè Sòti**, **Antré**, **Transfè**, **Rapò sòti**, **rapò antran** ki swiv menm prensip yo ak transfè kès vèt yo.

*Mèsi paske ou chwazi musomobil pou jere mityèl ou a*